

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

1 taon	f 6.-	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 "	f 3.-	
3 woelan	f 1,50	

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja	f 36.-
1/2 "	f 18,65
1/4 "	f 9,75
1/8 "	f 5,25

Saladjengipoen (saben 1 cm²) f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premil alit - alitan : f 1.-
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

PANTES KAWIGATOSAKEN.

(Sosorahipoen Rama J. Schots wonten ing parepatan warga K.W. Solo).
„RERUM NOVARUM” — „QUADRAGESIMO ANNO.”

Sambetipoen Swara Tama No. 35.

Sapoenika poenapa, srana paparing dalem Kg. S. B. ingkang kénéng kanggé mbadal kasangsaran ageng poenika. Tjobi sapoenika pandangan pnenika dipoenrembag.

„Apa kena sadoeloe Kath. mèloe mèloe tradjanging kaoem socialist?” Kg. S. B. mantjahi kanti sanget dateng socialisme. Nanging djaman samangké socialisme sampoen béda kalijan kala samanten, tjara balokipoen sampoen pasahan. Socialisme djaman samangké sampoen boten poeroen roda pari peksa, anggènipoen merangi kapitalisme sampoen mawi srana ingkang langkoeng aloes, sampoen „sama rata sama rasa”, sampoen boten pados dipoenengkokti, dados tradjanging sampoen samemper tradjanging Katolik, i.p. pados ngadil toemrapping kaoem berah. Manawi makaten poenapa sad. Kath. kénéng ngombjoni socialisme?? Boten! I.S.Kg.S.B. boten marengaken, djalaran:

1). Soc. poenika badé tingalipoen aloes, lestantoen dados mengsahing Catholicisme.

2). Pamanggihipoen bab maatschappij saha kodrating manoesang tjengkah sanget kalijan piwoelang Katolik.

Socialisme boten nganggep manawi toedjoening ngagesang poenika pados rahajoening pedjah, lan inggih boten mredoeli babar pisan bab poenika. Sadaja-sadaja namoeng mligi kadonjan.

Ing tanah Indonesia kados-poendi kawontenanipoen? Kita sadaja sami ngidaki djaman kanétralan, djaman abritan. Toemrap ingkang magepokan kalijan agami, wonten ing tanah ingkang katah tjangingipoen abritan, poenika perloe sanget.

Ing babagan economie pandjengnengan sadaja mangertos, bilih kawontenanipoen sami dados ledaning pamanggihipoen kapitalis abritan.

Sapoenika poenapa kawadjiban kita tjang Katolik ing babagan kasoelian? Kita sadaja kedah mangertos éstoe, bilih kita poenika nama Katolik boten namoeng moetek kémawon wonten salebeting grija oetawi Grédja, nanging wontena poendi kémawon kita kedah teroes Ngatoelik teroes mbaloeng soengsoem, sadaja winawas mawi paegeran Katolik.

Pangandikanipoen Kg. S. B. bab prakawis poenika: Doenoengé kasampoeran tatanan maatschappij ikeo manawa kabèh parané marang Goesti Allah, kang minangka dadi piking kabèh kang mobah mosik: sakabèhing titah.

Nanging sampoen kléntoe tapi mastani bilih kita ladjeng ngrèmèhaken dateng pakarjan ingkang wonten kaentoenganipoen, oetawi mbokbilih bab poenika tjengkah kalijan kodrating manoesang. Mila saja nggregoet dateng kamadjenganing djasmani, malah saja prajogi, nanging inggih kedah mawi wawaton Katolik. Dados perloe wontenipoen pakempalan warni-warni, nanging tjara Katolik, boten mawi model nétral; manawi wonten perloenipoen, njamboet damel sasarengan kalijan pakempalan sanèsipoen, nanging kedah kekah anggènipoen njepengi wawaton Katolik.

Tjjang Katolik Djawi namoeng sakedik.
Poenika boten dados poenapa. Manawi pandjengnengan sami ngempal, dados satoenggal, atoenggil kadjeng, toenggil sedyo, sanadjan sakedik saged andajani. Awon oetawi saé. Mriksanana ing tanah Rusland ingkang sakawit golongan bolsewik namoeng sakedik, sapoenika kekijatanipoen nggegiris. Ing Sepanjol, ingkang setya dateng sang Nata wonten 90%, sanèsipen remen da-

teng Republik, éwadéné sapoenika sampoen saged kalampahan wonten Republik. Roemijin ing negari Welandi kaoem Protestant namoeng 10% nlpoen kaoem Katolik, éwadéné saged njepeng pangoewaos. Ing sapoenika tjatjahing tjang Kath. namoeng wonten saprasekawaniipoen, tetandinganing pangoewaosipoen langkoeng saking samanten.

Ing Indonesia tjatjahing tjang Kath. Djawi namoeng sakedik sanget, éwadéné sampoen katjatjah wonten ing Raad Kawoela. Ing babagan economie kita sadaja kedah tanpa sebawa, nanging andajani jektos, sageda ngitjali ngelmoe kapitalisme ingkang mrasoek wonten ing maskapé ledaning kapitalis-kapitalis, ingkang tanpa dadasar agami. Pakempalan kita namoeng mligi kanggé kabethanipoen tjang Katolik, boten kanggé sanèsipoen. Nanging poendi ta ingkang dados mengsah kita?

1). Soengkanan. 2). Adjrih dipoenwastani ngaten - ngaten. 3). Kritik.

1). Bab soengkanan. Nemoeng dados warganing pakempalanipoen pijambak kémawon soengkan. Déné ingkang poeroen dados warga, poenika dèrèng temtoe nama toemot nggègesang pakempalanipoen. Pramila pados bestuur ingkang actief inggih angèl, kawontenanipoen sami kémawon.

2). Bab kritik. Kritik ingkang boten maton, poenika toemrapping karokoenan saged mbibrah pakempalan.

3). Remen dipoenwastani ngatengngaten. Pantjèn inggih gagah dados warga pangrèh satoenggiling pakempalan nétral, saged katingal ing ndjawi, roemaos saged dipoenasosi sanès golongan; nanging saloegoenipoen poenika namoeng margi saking adjrih ngatingalaken agaminipoen. Tjjang Katolik ingkang poeroen ngoerbanaken saliranipoen kanggé pakempalanipoen pijambak, kaoetamènipoen tikel sadasa tinimbang dados warganing pakempalan nétral. Sampoen kléntoe tapi, koela boten badé ngkritik, pantjèn makaten poenika saé sanget kanggé ngatingalaken bilih kita poeroen ngréntjangi golongan sanès, mila sokoer manawi wonten tjang Katolik dados oetoesaning pakempalan sanès poeroen ngatingalaken bilih kita pitoeloenganipoen, . . . nanging kasaenan ingkang makaten poenika nama negatif. Inggih langkoeng oetami kita kedah njamboet damel ingkang positif, i.p. sarana njamboet damel babrajan sasarengan noenggil kadjeng. Tamtoe kémawon asring wonten pamanggih béda-béda, ananging manawi perloe, kita kedah sajjeg golong dados satoenggil.

Poenapa koewadjiban kita tjang Katolik? tjang Katolik kedah ontwikkel. Bab poenika Kg. S. B. sampoen paring pitedah wonten ing leeken apostolaat. Sasaged - saged bab poenika bédjeng badé koela atoeraken ing riki.

Namoeng kémawon poenika atoer koela: Tanah poendi-poendi ing trap-trapaning bangsa ingkang andap pijambak ing rikoe katah ingkang bibrah kapitadosanipoen, margi katarik saking dajaning socialisme.

Kerep kémawon Pasam. Katolik kadakwa dados pangajomaning para soegih. Nanging njatanipoen kados-poendi. Poenapa pandakwa poenika leres?? Babar pisan boten. Para panoentoen saha gégèmbong Katolik boten kirang-kirang anggènipoen mrisoedi amrih soedaning kasangsaranipoen sadèrèk ingkang katjengkrangan. Pangandika dalem Kg. S. B. Léo XIII ing Nawala Rerum Novarum mahanani sanget, anggènipoen ngajomi kaoem berah. I. K. S. Bapa sanget moendoet

pitoeloenganipoen sadèrèk Katolik, oegi sadèrèk ingkang dédé golongan ngoelama. Pakarjan ingkang boten kénéng katandangan ing Imam, kénéng katandangan ing sadèrèk limrah. Kadjawi poenika sadèrèk Katholik limrah, oegi dados warganing Pasamoean Soetji. Dédé warga ingkang ngétja - étja, nanging warga ingkang kedah makarja. Poenapa inggih Pasamoean Soetji mangoeng joeda, nanging balanipoen sami ngétja - étja?

Koewadjibanipoen sadèrèk Katolik ing Europa, ngempalaken warganing Pasamoean Soetji ingkang pating slebar. Nanging koewadjiban kita wonten ing Indonesia ngelar Kraton Dalem, mewahi tjatjahing warga.

Sanadyan barisan kita taksih alit, nanging sampoen gadah saéka praja, sampoen gadah pangaribawa. Rèhéné saweg sakedik, kita kedah sajjeg, satoenggal-toenggaling sadèrèk sanget dipoenbetahaken. Boten kénéng namoeng njawang kémawon, poenapa malih merangi actie Katolik.

Doemoegi sapoenika ing riki toemindakipoen actie Katolik katjagal saé. Nanging gregeding actie Katolik sampoen ngantos kendo, mandar saja kakentjengna.

Namoeng doemoegi samanten itoer koela.

Makaten kirang langkoeng sosorahipoen padoeka Rama J. Schots. Bibar sosorah taksih karsa maringi pangandika babagan ingkang perloe-perloe, ingkang katakèkaken para warga K. W.

* * *

Wawasanipoen verslaggever.

Sosorahipoen prijantoen Pasamoean Soetji poenika sanget anarik dateng manahing para poeta. Sanget damel mongkoking para mirengaken. Saged ngangsalaken greged énggal ing manahing para kembang; saged damel saja goemregeoding para kendel, angandelaken raos Katolik; mongkog déné kita tinimbalan manggoel pakarjan ingkang loehoer sanget, ingkang kedah katoer lboe Pasamoean Soetji, ingkang kedah katoer doemateng lboe Indonesia.

Doemoegi pitakénan ingkang anggepok prakawis kabangsan (Nationalisme), prijantoening Pasamoean Soetji poenika paring pangandika, sanget mangajobagja dateng tradjang lan kadjengipoen sadèrèk ingkang anjeboet saliranipoen „EEN NATIONALIST” waton nationalisme-nipoen adadasara *liefde*, sampoen ngantos adadasar haat. Mila sampoen wiwit kina-makina Pasamoean Soetji sanget ngaosi dateng Nationalisme, angakeni manawi sadaja bangsa poenika gadah hak mranata negarinipoen pijambak. Wawaton Katolik sadaja waoe adadasar katresnan.

Doemoegi prakawis kaoem berah, prijantoening Pasamoean Soetji poenika, mangandikakaken déné kaoem berah ing tanah Indonésia dèrèng nggadahi pakempalan ingkang ageng dajaniipoen, ageng prabawanipoen. Pandjengnipoen sanget welas déné vakvereeningen ing Indonésia saweg ngantjijk tataran ingkang samanten. Sanget mesakaken déné mitoeroet babad-babading vakvereeningen ing Indonésia, katah ingkang ladjeng boten toeloes vakvereeningen, nanging kalebetan ngèlmoe saking Roeslan. Katingal welasipoen dateng sadèrèk-sadèrèk kita ingkang sami njamboet damel dados pangobèng wonten ing pamabatan Lasem ingkang kawontenanipoen sanget mesakaken poenika.

Tjekap samanten wawasan koela. Pantjèn koela djarag, sosorah waoe koela verslag pandjang lebar makaten, ing pangangkah sageda dados panggoegahing kadang-kadang kita, moerih saja nggregoet anggènipoen sami nindakaken timbalajahanipoen.

Wasana moegi babagan poenika andajanana ingakatah.

(Verslaggever).

ISIN IPOEN :

Pantes kawigatosaken — Persbreideling — Kedawa-dawa kaja . . . kintel — Film Djakarta — Ngengeti papan kita wonten enz. — Ngangsoe kawroeh — Sarem jodium — Goentingan pers — Saking pakempalan — Pangandika Dalem K.S. Bapa Leo XIII — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Katholik poenika ingkang poendi?

Saged milah-milahaken golongan poenika boten sepélé goenanipoen kanggé gesang sasrawoengan. Amila ambingahaken sanget déné sapoenika ing djagad Indonesia saja tjeta kasoemerepan pilah-pilahipoen golongan, déné nama-nama ingkang dipoentèmplèkaken ing golongan poenika boten soewoeng ing teges, déné golongan satoenggal béda dadasaripoen kalijan golongan satoenggalipoen.

Éwasamanten taksih wonten ingkang kirang premanem ladjeng njampoer-radoek kémawon, ingkang toendonipoen damel roeweting seserepan lan saged natonni dateng golongan.

Tjonto njampoer-radoek?

Mangga koela atoeri maos pijambak trijosipoen pembantoenipoen Aksi ing Bandjarnegara.

Dalam pechabaran dari Bandjarnegara oleh toean N. J. tentang propaganda Christen, ada koerang betoel, sebab dihalaman pegadaian tidak ada propaganda Christen, melainkan lezing dari Leger des Heils, dan boekan kaoem Katholik, tetapi Protestant, mengerti?

Koela boten badé ngrembag, poenapa Leger des Heils poenika sedjatosipoen kénéng kaewokaken golongan Christen; malah nama Protestant kanggé Leger des Heils poenika poenapa mila sampoen manggèn jektos.

Koela roemaos éman, déné tw. N. J. ing semoe kok taksih badé kirang ing pamalahipoen. Lan koela matoer noewoen ing pembantoenipoen Aksi Bandjarnegara, bilih sampoen karsa paring wawarah dateng sadèrèk ingkang kirang damang, jèn tjang Katolik poenika dédé golonganipoen Leger des Heils, lan oegi dédé golonganipoen Protestant.

Nanging tjang Katolik poenika ingkang kados-poendi ta?

Tjjang Katolik poenika warganipoen Pasamoean Soetji. Lan Pasamoean Soetji poenika: pakempalaning sadaja tjang ingkang sampoen kabaptis, sarta sami ngmanaken piwoelang Dalem Sang Kristoes ingkangsanjata, mbangoeng-mitoeroet ingkang S.K. Santo Bapa ing Roem.

PRADJA RAHAJOE.

PERSBREIDELING.

(Kendali pers.)

Mitoeroet S. H. pamaréntah sampoen ngedalaken rantjangan anggènipoen badé ngendalèni pers ing djadjahanipoen. Wontenipoen rantjangan waoe sampoen 3 taon sapriki. Mila saweg badé kaadjengaken samangké, awit semoenipoen ingkang witjaksana Goepoer Djen-dral boten rena panggalihipoen midanget pirembagan ingkang merangi panjéda - panjéda toemrap tradjangingipoen negari. Kersa ingkang kados makaten poenika tartamtote adamel agenging manahipoen ingkang roemaos dados tjang djadjahan, manawi boten namoeng doemoenoeng ing semoe. Nitik pangandikanipoen roemijin, ingkang soeraos aloewoeng lèrèh anggènipoen ngasta poesaraning negari tinimbang boten poenlekasanani poendoetanipoen, koela kesopoèn bab poenapa, kersa waoe tangèh namoeng kawoedjoedan déning semoe. Éman sanget, déné ladjeng noenten kepeksa kondoor. Boten langkoeng ndèrèkaken soeng.

Toemrapping tanah djadjahan, rantjangan negari ingkang badé ngendalèni pers waoe, kénéng dipoentingali nganggé katja warni kalih.

Kados makaten titikanipoen Katolik.

Katjata ingkang tandes! Saweg mentas poenika wonten ing Nawala „Quadragesimo Anno” K. S. Bapa Pius XI ngandika, jèn tjang Katolik sedjatos boten saged ngrangkep dados tjang socialist. Dados golongan Katolik dédé golongan sosialis, mesti boten poeroen kasamèkaken golongan sosialis.

Lan sapoenika wonten golongan Katolik dipoendakwa ing Het Nieuws (25 Aug. '31) dados socialistisch:

Maar de Soeara Katholik heeft meer gedaan.

Als ware het een socialistisch of extreem-nationalistisch orgaan, heeft de Soeara Katholik deze „gelegenheid” aangegrepen, om van leer te trekken tegen de Europeesche groot-cultures op een wijze, welke men verwacht van een Soekarno.

Wie draagt er de schuld van, dat de Inlander . . . (men mag invullen wat men wil, het is altijd goed).

En het stereotype antwoord luidt: de Europeaan, het Europeesche groot-kapitaal. Natuurlijk denken we er niet aan, de Soeara Katholik te bestrijden.

Het gaat er hier slechts om, het verschijnsel te signaleren, en zich af te vragen, wat op deze wijze voortgaand, nog van de Soeara Katholik, officieel orgaan van de P.P.K.D., mag worden verwacht.

Soeraoipoen:

Nanging Soeara Katholik boten kendel semanten.

Kados déné orgaan socialist oetawi extreem-nationalist. gandèng kaljan prakawis nganggil S. K. ladjeng mampang-mampang dateng groot-culture gadahanipoen tjang Éropa mawi tjéngkok Soekarnan.

Poenika lepatipoen sinten, déné Inlander . . . (mangga kaisèna sakarsa, boten saged kléntoe).

Lan wangsoelan ingkang tansah woengsal-wangsoel: wong Éropa, kantong mentjep Éropa.

Mesti kémawon kita boten badé merangi S. K.

Poenika perloenipoen namoeng kanggé noedingi glagat lan kanggé gagasan, jèn kelampahan teroes kados makaten, gek kados-poendi kémawon badé kedadosanipoen S.K., organipoen opisijil P.P.K.D.

Pandakwa boten baèn-baèn!

Nanging saben iroeng sampoen ngertos dateng Het Nieuws.

Collega! Sampoen dipoenlajani kémawon! Kadjengipoen nitik dateng wohipoen!

Sarèhning koela roemaos dados tjang djadjahan, mila anggèn koela ngèker inggih nganggé katja djadjahan.

Kamadrikan toemrap nglairaken pamanggihipoen poenika kanggénipoen tanah djadjahan perloe sanget. Poenapa kamardikan ing bab pers boten kawrat wonten ing pangoepakara soepados saged bawa pijambak? Bangsa Indonésijah temtoe bingah, marem pamanahanipoen, manawi kaparingan kalonggaran menggahing anggènipoen nglairaken gagas - gagasan oetawi pamanggih. Boten badé gadah pandoewa jèn kaoendoeraken sapetjak saking djaman kamadjengan. Langkoeng-langkoeng ing samangké, wekdal ingkang kedah paprangan manéka - néka, paprangan ngrebat panggesangan, rantjangan negari waoe manawi katampèn, katah sanget anggènipoen mewahi awracting bebetkan ingkang kedah kadarbè Indonésijah sadangoenipoen amangsah joeda ngrebat panggesangan. Poen poeta - poetranipoen saweg badé sami katingal tandangipoen, saweg timik - timik soemedia anggiloet kamadjengan, langkoeng-langkoeng kamadjengan bab omong lan mbengok, djer sami kagoengan kejakinan, bilih djamanipoen kedah dipoenbengoki, sapa meneng ora dineleng, lah kok artikel 153 bis, artikel 161 bis, kilap pinten bis malih, taksih kawastanan dèrèng

PAKABARAN SAKING PANGRÈH VAN LITH-STICHTING.

Noewoen, loemantar Swara - Tama poenika Pangrèh Van Lith-Stichting ngatoeri priksa ing pandjengnipoen para sadèrèk Katoelik sadaja, langkoeng-langkoeng datang para warganing V. L. St. bilih kala tanggal 15 Agustus 1931, poenika V. L. St. djangkep oemoer 2 taon. Déné tjtjating warga doemoegi tanggal 15 waoe wonten ± 600. Katahing arta bandanipoen, kalijan arta pandoean saking sadèrèkipoen sepoeh ingkang sampoen swargi ± wonten f 9000 (sanganng èwoe roepjiah).

Pangrèh matèr sanget noewoen ing Goesti ingkang Maha Koewasa, déné salebetipoen V. L. St. madeg, Pangrèh saged njamboat damel kanti seneng saha marem, tanpa wonten pambeng satoenggal poenapa, inggih margi saking pitoe-loengan saha s e t y a n i p o e n para warga, kanti ngèngeti koewadjanipoen, langkoeng? para warga sadèrèk goeroe ingkang blandjanipoen katjowok déning para Wakiling Pangrèh Can. Stichting.

Pangrèh V. L. S. boten badé kasoepeèn oegi ngatoeraken ngatoer pangoewoenipoen datang para Zelateur-ing V. L. St. ingkang sampoen sami karsa ngoerbanaken sarira, midji saking pangalih soetji mitoe-loengi gesanganng V. L. St. langkoeng-langkoeng para Zelateur ingkang sami wonten ing kita ageng-ageng, djer kempaling arta langkoeng rekaos, margi soe-mebaring dalemipoen para warga.

Saiba badé saja renaning pangalihipoen para Rama-rama Pangèn djiwa saha para tjalon Rama Pangèn djiwa, bilih para warganing V. L. St. teroes tansah sami setya toehoed datang koewadjanipoen, saha para sadèrèk Zelateur inggih tansah sami nggoreg ngorep andaking warga dados ateges ngagengaken bandaning V. L. St., djer poenika tjalon kanggé ngoeroeni daharing para Rama Pangèn djiwa waoe. Pramila Pangrèh njoewoen kanti taklim datang para sadèrèk warganing V. L. St. sami karsaa dados propandant-ing pakempalan poenika.

V. L. St. ing samangké oegi sampoen saged nindakaken koewadjanipoen, antjasing V. L. St. katjeta ing Pranatan V. L. St. inggih poenika sampoen saged ngoeroeni wragad datang sadèrèk ingkang ngdjengaken pasinaoipoen ing negari Wlandi kanggé misaester in de rechten.

Mragadi sadèrèk sinaoe ing Hoogere Kweekschool 1. Mragadi sadèrèk sinaoe ing A.M.S. 5. Mragadi sad. sinaoe ing M.o.s.V. I. A. I. Mragadi sadèrèk sinaoe ing meisjes-normaals cursus 1.

Déné ingkang sampoen doemoegi pasinaoipoen ing H.K.S. medal ing woelan Mei kepengker 3.

Kadjawu poenika V. L. S. sampoen saged wiyit njoembang oeroenan sawatawis ingkang dados pandoeaning Seminarifonds. Oeroenan waoe lakar boten sapin-

tena, nanging kawastanan satoenggiling pratanda ingkang saé, margi arta waoe namoeng miligi sapérangan saking saremaning bandanipoen V.L.St. Dados sampoen kénging katamtokaken, bilih ing saben taon, V.L.St. saged kintoen oeroenan datang Seminarari: saha saja katah lebeting arta oeroenan datang V. L. St. saja katah saremanipoen ingkang oegi mewahi katingahing pandoeanipoen Seminarari.

Woesana moegi dadasa ing kaoneingan pandjengnan sadaja. Mangga prijantoen ingkang dèrèng dados warga toemtoen sami kersaa moendoet „serat kasagahan datang Pangrèh V. L. St. ing Moentilan saha noenten kaparingna wangsoel malih sampoen isi asma pandjengnan kalijan contribute ing sawoelanipoen.

Taklim koela Pangrèh V. L. St.

Soerabaja anggeboer ing kalangan W.K.

Wiwit roemijin, ing Soerabaja mila dèrèng wonten pak. W.K. Sanadjan sampoen wonten sadèrèk ingkang kagoengan kreng badé ngempalaken para kadang Katoelik, nanging kok boten kelampah-kelampahan. Sababipoen margi saking kirangan sadèrèk poetri ingkang sampoen Katoelik, toer dalemipoen sami mrentja tebih? Sapoenikanipoen pakempalan waenta. Inggih poenika ngleresi kelampahan saestoe ngwontenaken denta wijosana Dalem Sri Maharadja Poetri kala tanggal 31 Aug. taon poenika, pak. W.K. katetepaken. Parepatan manggèn ing Justeran Kepandjèn. Ingkang ndjengeni pandjengnanipoen Padoeka Rama Monseigneur Th. E. de Backere toewin Rama Parampara P. Schoenmakers: déné sadèrèk ingkang rawoeh wonten 32. Kintén? diam 5 sonten parepatan kabikak déning Mevr. Windoe.

- Ingkang karembag: 1. Perloenipoen kita wanita Katoelik ngempal dados satoenggal. 2. Ngandharaken toedjengipoen pak. ingkang sampoen madeg. Pak. waoe kawastanan: „Wanita Katoelik. 3. Padamelanipoen W. K. wiyitan, sampoen badé miwiti Handwerk-cursus (ndjaroemi, ngrénda) saha A.B.C. cursus kanggé para warga toewin sadèrèk sanès-sanèsipoen ingkang oegi karsa. 4. W.K. ngwontenaken Kinderafd., pang-gunaaning pakempalan sampoen katamtokaken wonten ing pamooelangan Kepandjèn. 5. Restuur katetepaken: Mevr. Windoe — Pangarsa. Mejr. Eleonora — Panitra. Mevr. R.A. Soekardjo — Hartaka. 1. Mejr. Maria } Djoeroe 2. Mejr. Theresia } noepiksa. 6. Ngrembag bab contribute, poenika sakadaripoen para sadèrèk. Ladjeng sami roedjoek contribute katetepaken f 0,25. 7. Sareng prakawis ingkang perloe-perloe sampoen karembag saha sarodjoek sadaja, parepatan katoetoe sarana ngloehoeraken asmaning Pangéran. Noenten sami kondoeer kanti mareming galih.

verslaggeefster M.

ipoen, poenika boten pisan-pisan pados pendok. Boten padja-padja lalamisan adol gawé, mèn dikasihi panggedé. enz.

Déné nijatipoen namoeng meleng A. M. D. G. — Nandjakaken paparing Dalem Pangéran, sageda laras kalijan kersa Dalem ingkang maringi.

—Sampoen wadjiipoen jèn sadaja abdi, kedah poeroen toemandang ing sapangrèhing bendara. — Anak ingkang poeroen nganggé panger-tosipoen, boten oesah dipoenprén-tahi, mesti poeroen toemandang ing sasagedipoen, kados karsaning bapa bijoeng. Katjang ingkang limrah, poenika mesti noeroet landjaranipoen. Sanadjan boten wonten ingkang ngadjèn. (Landjaran koela poenika sinten)? — De appel valt niet ver van den boom. — oepami koela poenika apel, pantjen leresipoen, kedah dawah niet ver, sanadjan ora tjaket, ning adja adoh-adoh saka wité. Wie is uw boom? (Ingkang koela kadjengaken dédé bapak lan simbok). — Taksih mawi pangadjeng-adjeng: Wie goed doet, goed ontmoet. Nanging „goed ontmoet“ poenika boten wonten ing riki, ingkang dipoenkadjengaken.

Jèn namoeng angsal goed wonten ing riki kémawon, koela anggeg moespra. — Sarta malih, koela sadaja tilas moerid, ingkang dipoenwoelang déning pinten-pinten goeroe oetami, ingkang anggegipoen moelang inggih dipoenréntjangi prih-atos saestoe, terkadang ngantos dipoenlabeti toh séda sarana teering. Lah poendi tabet-tabetipoen? Mila Medari perloe mboektékaken ing sasagedipoen, jèn njata naté tampi piwoelang goeroe oetami, minangka tandaning atoe pangoewoen, datang sadaja goeroe waoe. — Déné jèn wonten bapa ngalem datang anakipoen ingkang sregep ing damel, kados nama kirang mapan, jèn anak ingkang keséd ladjeng moering-moering datang sadèrèkipoen ingkang sregep. — Prakawis tiroe-tiroe,

Woesana réhning ngriki poenika dédé djaman Poerwa, lan koela inggih dédé ratoe Dwarawati, mila anggeg koela atoe pèpèngget, inggih dèrèng kantenan jèn kaboeel. Koela satoenggiling tijang Medari, nama koela poen: Barès.

Woesana réhning ngriki poenika dédé djaman Poerwa, lan koela inggih dédé ratoe Dwarawati, mila anggeg koela atoe pèpèngget, inggih dèrèng kantenan jèn kaboeel. Koela satoenggiling tijang Medari, nama koela poen: Barès.

Koela satoenggiling tijang Medari, nama koela poen: Barès.

FILM DJAKARTA.

(Kalangan P. P. K. D.)

„Wonten Djakarta mijnheer Kasima énggal dados populair wonten ing kalangan Katoelik Djawi“ — makaten oengeling film koela ingkang main kala 7 Agoestoos ing gedong Swara - Tama ngriki.

Manoet opname ing dinten poenika 23 Agoestoos, dinten ageng toemrap gotrah Katoelik Djawi Djakarta, margi ngleresi dinten lairipoen P. P. K. D. ing Djakarta mijnheer Kasima mboten ketinga, soeda tradjanganipoen. Lairing P. P. K. D. vroedvrouwnipoen inggih djago kita pijambak, ingkang sapoenika lenggah ing Raad - Kawoela.

Lairipoen P. P. K. D. poenika tjlilmèn, tanpa ramé - ramé, margi ingkang ngèstreni namoeng prijantoen sadasa. Éwasamanten sadaja marem, lan sami kadajan ing temboengipoen sadèrèk Margono, mantri goeroe saking Bogor, bilih: alle begin is moeilijk, lan sadaja sami angsal raos, bilih P. P. K. D. Djakarta saged digdaja.

Amrih gotrah Katoelik Djawi ing Djakarta boten ketjowan, ngèngeti ing dinten lairipoen djabang - bajiraksasa waoe katah ingkang alangan, namoeng damel voorloopig bestuur roemijin. Woelan September, kaangkah damel vergadering ingkang langkoeng pepak lan badé damel pangrèh - tetep.

Dados Betawi — Bandoeng saèstoe gadah P. P. K. D., agoel-agoeling kita ing Pasoendan, lan lairing djabang sami katenggan ing Doekoen ingkang Pana.

Dados: P. P. K. D. njata angsal berah saking nggiling, marginipoen sanadjan pandjang, nanging gampil.

Manoet glagat, kados Bogor boten dangoe saged damel P. P. K. D. pijambak, lo, ngèmoeti sampoen damel tjetjala datang Betawi, sesepoeh sadèrèk Benedictus Margono pijambak!

Gèk Tjerbon béndjing poenapa? Serang, Koeningan, Soemedang, Poerwakarta? Eh, barang poenika jèn sampoen doemoegi sangatipoen, maktjènteng, sakedap kémawon dados!

Ngèmoeti lairipoen P. P. K. D. ing Djakarta waoe, koela kèngetan kidoeanganipoen kjai Victor Hugo, poedjangga lan ahli oelah pradja Prasman:

— Lorsque l'enfant paraît, le cercle de famille. — Applaudit à grands cris; son doux regard qui brille. — Fait briller tous les yeux . . . oetawi: — Bareng bajiné woel lair, — wong saomah soerak lega, — mripaté kang kintjlong-kintjlong — dadi bérang kang pada nonton . . . makaten oegi ing Djakarta, P. P. K. D. lair, sadaja lega, soeka . . . (Babagan panggesangan).

Koela njerat poenika ngleresi pasar-gambir. Sampoen kaping 11 poenika Djakarta wonten pasar-gambir, dados kala taon 1930 poenika ngleresi 10 taonan, mila langkoeng nadedjak tinimbang sapoenika. Sapoenika kepara tjlilmèn tinimbang kala taon '30, kadjawu mboten „jubileum“ oegi ngleresi oesoem mèlès. Poen mèlès njrambahi sadaja kémawon, sanadjan pasar-gambir oegi katoet „tampi berkah“, andjalari ingkang datang radi kremja-kremja*, toer nalika mèh tapoek ndadak wonten stand ingkang dados koerban kateda inglatoe. Oentoenglatoe mboten mrèmèn mrika - mrika.

Manoet comité pasar-gambir pratéla manawi sapoenika njata kadamel tjlilmèn, éwadéné kados mboten badé roegi, margi arta begrooting mèh koeboek kalijan arta séwan stand, dados arta entree poenika mèh sadaja arta bati.

Soekoer. Sabab poenapa ta kok wonten pasar-gambir? poenapa deles tjara Betawi?

Kilap. Nanging karaméan poenika mangka moeljakaken Sri Maha Radja Wilhelmina, ingkang wijosaniipoen dawah dinten 31 Agustus. Dados pasar-gambir poenika dédé prakawis nasional oetawi dédé ada-ada saking Volk Betawi, dédé asal saking agami Islam kados déné keraméan Moeloedan ing Ngajogjakarta.

Eggelingipoen ramé-ramé Betawi wonten tjaga: pasar-gambir, padoesan lan tjapgomèh.

Dados Djakarta poenika pradah: Landi, Islam Tionghoa Volk toemoet nggramékaken.

* Nanging wiwit 30 Aug. ingkang ningali ketingal wiwit seseq. Tom.

I. Tijang soegih poenika dédé satroe kaboejoetanipoen tijang miskin kados oenglipoen bangsa socialist.

Ing prakawis ingkang kita rembag wonten lepat ageng inggih poenika wonten ingkang mastani bilih golongan satoenggal dados satroe kaboejoetanipoen golongan satoenggalipoen, roemaosipoen: tijang soegih poenika dasaripoen pantjen mengsahan saestoe kalijan tijang miskin. Ingkang kados makaten poenika soelaja kalijan pamanggihing boedi wening lan kalijan kanjatanipoen, kosok-wangsoelipoen poenika ingkang kapara njata. Kados déné badanipoen manoengsa, inggih leres gegelitanipoen warni-warni, nanging satoenggal kalijan satoenggalipoen djodo, ngantos sadaja roentoet, makaten oegi ing gesang - kajantjan golongan kakalih waoe manoet anggering kodrat kedah roekoer sarta tjara tradjoenipoen makaten: timbang. Golongan ingkang satoenggal betah satoenggalipoen. Boten saged kalampahan tijang gadahan, manawi boten gandèng lan tijang njamboet damel, sarta boten badé wonten tijang njamboet damel jèn boten gandèng lan tijang gadahan. Roekoer poenika moeroegaken tata lan saé tiningalan, kosok-wangsoelipoen tansah pasoealjan poenika kedah noewoehaken kisoroh sarta tindak kasar (saking Encyclicke Rerum Novarum 15 Mei 1891).

II. Soegih miskin anggadahi kawadjan. Piwoelangipoen agami Katoelik nggadahi kadajan ingkang ngéram-éramaken kanggé misah pasoealjan sarta njinakaken toekipoen, déné sarananipoen warni-warni sarana golongan kakalih waoe kadamel ngantos netepi wadjiipoen ingkang satoenggal toemoedjoe datang satoenggalipoen, langkoeng-langkoeng kawadjan bab tindak adil. (idem).

Tjapgomèh poenika anèh. Dinten ageng Tionghoa, kantja Djakarta ingkang soeka-soeka damel édan-édanan lan damel carnaval (sami oetawi quasi), kantja Tionghoa pijambak: mlongo ningali. Manawi koela kèmoetan praon datang Djoeroeg oetawi adoes datang Pengging (sadaja Soerakarta), raos kanasionalan langkoeng pandes tinimbang datang pasar-gambir oetawi ramé-ramé ing dinten Tjap Gomèh.

Nanging Vox populi, Vox Dei? Swaraning djanmananoengsa poenika inggih ngendikaning Déwa? Kilap. Dados poenapa bab pasar-gambir lan Tjap Gomèh poenika mila sampoen setengah kedah makaten? mangsa Borong; désa mawa tjara, nagara mawa tata oetawi: Djakarta kena doewé ada.

Sampoen, kaparenga samanten kémawon. De Regissèur. TOM.

ÉKONOMI. NGÈNGETI PAPAN KITA WONTEN ING DJAGAD PANGGESANGAN.

Ing Raad Kawoela, para prijantoen, panggesanganipoen kantja tani lan kantja alit kerep dados rembag: bab toembas kadjeng, bab nanemi pasitèn lss. Dados ketingal, lalantjoering bangsa sampoen sami nolèh kantja alit lan kaom tani anggènipoen kringeten nanging namoeng tampi pamedal sakedik. Kadosta: Poenika waoe kala koela neda sonten, omong-omongan, mireng, manawi kantja sopir ketingal mlodroed sanget pamedalipoen: „ah doeloe njonja, sehari tjari lebih f 7,50 — f 10, — gampang sadja, sekarang dapat f 0,75 soedah soesah“. makaten oekara ingkang koela piring. Dados: kantja sopir ngrekaos. Ing mangka saking kilénan tansih badé dipoendjogi tijang malih. Paseksènipoen: ing salah satoenggiling kalawarti saking Néderlan wonten ingkang metjoet, soepados moeda-Welandi sami pating djrantal datang Noeswantara, awit, tjarijosipoen: galo kana koerang wong sing doewé oetek, sing doewé krekat déwé: „Moela, menjanga India. Kana kowé bisa ngadani pagawéan peng-pengan. Sapa menjang India sangoe oetek ganep, karo kelakoean sing bèn, ana kana bisa ngétokaké sepira isiné nalare lan sepira kekoewatané; anggoné bisa „katon oewong“ ikoer ora moeng andjalari kaontengané awaké déwé, nanging ija njrambahi golongan sing diwori“ . . .

njekapi. Indonésijah poenika kadoe-noengan bangsa mawarni-warni; ingkang makaten waoe pamanggihipoen mesti boten toenggil tjorék. Kamardikan bab nglairaken gagasan rak malah dadasa srana kanggé ajoemerepi lebetanipoen satoenggal-satoenggaling bangsa waoe; boten angèl anggegipoen ngertos dateng actie-actienipoen. Kantoen mbèndel kémawon ingkang perloe kabèndel. Samangsa wonten golongan ingkang badé nglèntoe tradjanganipoen, temtoe sampoen wonten partij sanès ingkang nanggoelang; gambaripoen sapoenika poenika, regedjegan karo sadoeloeré déwé. Manoet glagadipoen sadèrèk Indonésijah tangèh saged dados satoenggal tanpa gèsèh; amargi béda-béda raosipoen; mangka sadaja rebat ngadjeng. Dados pamanggih koela sanadjan wonten kalonggaran bab medaraken gagasan, babajanipoen kasileb ing kawontenan, déné para bangsa waoe sami anggadahi kemareman menggahing tindakipoen negari. Toemrapipoen ingkang gadah wadjab anggoela-wentah dateng madeg-pribadi rak perloe sanget njoemerepi dadasaripoen ingkang inganggep taksih laré. Kadospoendi badé tjaranipoen soepados ngertos dateng kaperloean toewin pikadjanipoen ingkang dèrèng oemoer ing bab kamadjangan, manawi ingkang roemaos taksih tjoto kapaksa ngatos-atos anggegipoen nglairaken pamanggih, nganggé temboeng oetawi oekara, kabekta saking adrijih masoek di roemah tikoes. Ing satemah samoekawis ingkang pait getir namoeng soemimpin ing saoebari, satoenggaling sasakit ingkang moeta-watosi, inggih toemrap ingkang nandang sakit waoe, inggih toemrap negari. Mila pamoedji koela, moegi-moegi para warganipoen Volksraad, langkoeng-langkoeng para wakiling Indonésiers, kersaa ngrembag rantjangan negari bab persbreideling, ing sak moejeg-moejegipoen. Makaten warnaning kata koela wedalan noesantara.

Adisoemarta Pr.

Noot. Salebetipoen maos karangan nginggil poenika, temtoenipoen rak inggih boten sami soepé dateng rubriek kita „Pangandikanipoen K. S. Bapa.“ Sw. no. 29 tg. 11.— Red.

KEDAWA-DAWA KAJA KINTEL. *)

Tinimbang kedawa-dawa kaja oela, mindak kemandjangan. Aloewoeng kaja kintel, bokmanawi saged tjontel. Samanten waoe jèn

*) Oréan poenika sarèhné kedoesok-doesok dados saweg mlebet sapoenika. — Red.

boten malah mlemboeng oetawi mentjolot.

Koela maos andaranoen sadèrèk Bribil Soembing ing Sw. Tm. No. 32.—7-8-31. Saking panampi koela pijambak, larasipoen teka radi mèmper kalijan bribil gondjol. Toedjoenipoen koela boten gadah bribil pitjak. Milanipoen . . . ?! Parikan bribil, poenika larasipoen radi sakétja. Nanging jèn bribil mawi gondjol, wah . . . ! riboet, kisroeh. Gondjolipoen poenika ingkang moeroegaken riboet. Nanging dados lan senengipoen ingkang ningali.

Makaten oegi andaranoen meener Bribil Soembing, tjara tijangipoen „dom“ ngaten, kénging koela wastani „mbikin“ datang kantjanipoen pijambak. Ngertos „dom“? Koela boten badé mantjahi, anggènipoen paring wangsoelan datang sadèrèk Bata enz. Lan boten sadaja andarane waoe koela wastani lepat oetawi klèntoe. Nanging katah pérang-péranganing oekara, ingkang koela kinten damel kirang seneng ing sadèrèk sawatawis. Lan kosok-wangsoelipoen, damel senengipoen, golongan sanès, langkoeng-langkoeng pangoengilanipoen sadèrèk ingkang pangandikanipoen kepireng déning sadèrèk Bata. Iba anggènipoen mégal-mégal, wonten Bribil Soembing, dawahing gong laras gondjol.

Oekara poendi ingkang radi kirang njenengaken, poenika para maos sampoen boten kirang damang.

Sapoenika tjara kintelipoen, saged mentjolot doemoegi Medari. Oepami Medari poenika woedjoed kintel, koela kinten ladjeng mlemboeng. Sebab tampi titel „diempolan“ sarta „pengilon“. Nanging réhning Medari poenika: 1e. Dédé kintel, milanipoen boten mlemboeng. 2e. Papan ing Medari poenika djiwanipoen radi katah, lan boten sadaja laré alit. Mila boten minggah oempakan. Koela kinten sadaja boten sami tedas oempak. 3e. Déné ingkang maringi titel waoe namoeng satoenggiling tijang, ingkang tjara sadèrèk: Bata, namoeng dipoenaoosi „ora bedjadi sebribil“. Sadèrèk Bata boten ndoemoek sinten tijangipoen, nanging kapinoedjon sadèrèk Bribil Soembing, ngaken pijambak. Katjeta wonten ing oekaranoen „katoet kedoemoek labetipoen“ ngantos pringisan. 4e. Oepami njata Medari dados katja benggala, oetawi djempolan aboeh. Inggih soemangga ingkang kersa mastani. Namong ngatoeri katra-ngan sawatawis; mbokbilih wonten sadèrèk ingkang klèntoe ing panginten. — Medari poeroen toemandang ngetog kekijatan ing sasaged-saged-

VAN LITH-STICHTING JEJASAN ÉNGGAL POENIKA sagedipoen madjeng goemantoeng „PANDJENENGAN“ SADAJA. Penningmeester V. L. S. 2e. Convict Moentilan N. I. S.

oetawi dipoenadjani, toemrap nindakaken padamelan ingkang oetami, lan sakinten saged nglampahi, kanggé Medari tidak keberatan. — Bab osiking osikan, boten mawi mawang nèn sepoeh lan andap-inggiling pangkat, waton woedjoed opbouwende critiek, adapoer pangéman, medal saking katresnan, sanadjan wiyitanipoen terkadang inggih radi derdah, nanging wekasaniipoen, temtoe katampi kanti matoeer noewoen. — Éwadéné sampoen ngantos katjelik ing padjeng-adjeng. Djempolan Medari, dèrèng mesti jèn wonten ing papan, sanès taksih dados djempolan. Patjoel Medari dèrèng mesti jèn tedas kanggé matjoel ing sadéngah siti. Dagangan Medari dèrèng kinoer jèn padjeng dipoensadé ing sanès pangénan. Bibit Medari dèrèng kinanten jèn poeroen toewoeh soeboer wonten ing papan sanès. Karemanipoen tijang-tijang ing Medari, saged oegi dados sirikanipoen tijang ing sanès pangénan. Mila boten perloe goemoen, jèn Wates boten saged kamadarékaken. Éwasamanten, oepami ing rikoe sami sasarengan, ngadjengaken barisanipoen, kanti njoewoen pitoe-loenganing Pangéran, boten mokal jèn saged madjeng, ngongkoeli ingkang sampoen dipoenandaraken déning sadèrèk Oud Koelonpragaër. Saged oegi dados kembang lambéning kamadjangan. Ing rikoe koela sadaja boten tjekap namoeng alok: „ltoe dia.“ Nanging langkoeng rajagi: „Ajo madjoe manèh, tak réwangi; kowé metoe kono, ake saka kéné“.

Minangka pèpèngget: tjara Poerwanipoen ngaten, koela étok-étok dados Kresna. Badé njapih sadaja rembag sepélé ingkang sakinten ora kanggo nggawé, bok sampoen, boten oesah dipoen-gapé. Tiwas ora ana goenané, koerang-koerang begdjané disoerak tangga-teparané. Rembag ingkang pating kremimih, poenika persasat: njekotèk . . . boeboer wonten ing . . . piring. Woeroeng begdjané, nijprat datang . . . ilatipoen pijambak.

„Sing perloe ana India koedoe moegen. Lan ija ngerti wewatekaning wong moegen, tegesé: ora perdoeli marang kaloemrahan, darah oetawa rasa-rasaning ati. Nalaré moeng isi paseksèn lan pangalaman pirang-pirang kang ditata, kang soepaja samangsa perloe, bisa ngetjakaké. Mripaté awas, pandelengé djembar, lan ora seneng prakara tètèk-bengèk. Saben lakal ditjaget, nganti ora kagét samangsa nemoe pekéwoeh gedé. Samangsa katon sela dalané, énggal ngetjakaké apa karepé. Kala-kala milih sing adakan, kala-kala milih dalan ngalang, nanging sing dipilih adjeg dalan sing mesti andjog marang barang sing dikarepaké. ngGoné ngedoem wektoe prigel banget, kang dipikir moeng bakal dadiné pakjarané.”

Poenikal wedjangan Welandi dateng anakipoen. Poenikal wedjangan-anipoen *Graaf van Limburg-Stirum*, dateng para moeda Welandi. Dados poenikal isèn-isènipoen nalar Welandi ingkang badé dateng Indonesia. Dados poenikal patining tékadipoen, tradjanganipoen salah satoeng-giling lalawanan kita rebat papan wonten djagad panggesangan.

Dados kita sampoen ngertos!— „é kaja ngono dadosarané watek!” Sasampoenipoen ngertos, kita wadib samekta: njentosakaken angga, nala, manah lan tékadipoen pijambak. Apes kedah sami, kadosta: awas, djembar ing polatan, boten kendakan, boten kandjèn, boten rojal mboetjal wekdal lss.

Amrih terangipoen wedjangan waoe koela teroesaken (awas, boten namoeng saking Graaf van Limburg-Stirum tok):

„Adja mikir marang barang sing ora djoemboeh karo kakarepanmoé. Lan adja ketlompèn marang samoebarang sing pigoenan toemrap pagawéanmoé. Mripaté awas, nanging anggoné nemtokaké kakarepan kanti sabar. Tindaké ora taoe groesa-groesoé, nanging ija ora taoe nglemet. Kendel, nanging ngati-ati, lar ora ingahingih. Ora taoe doewé waton: mesti adjeg koedoe ngéné. Margi ngerti wawatekaning wong, dadi ora taoe kedjilomprong margi pangalem lan temboeng lamis. Semoe karo kanjanaan koedoe adjeg dibédakaké.

Mempending ati katarik déning kepéngin pakolèhé pagawéan lan kalandesan sentosaning pikir”. Djoeroe medjang waoe taksih mawi meling makaten:

„. Dèn éling, India boetoe wong sing bérag. Wong keséd lan sempelah ora bakal dadi. Ora kaja ana Néderlan, margi reboet pagawéan, noeli pada déné ngendat-oendat alaning lalawanané ana ngarep mripating oemoem.”)

Doemoegi samanten tjeta, jèn bab pakarjan, panggaotan, ékonomi, oegi landesan „tékad, kelakoan.” Ing mangka politik inggih kedah lambaran ékonomi. Dados: sadaja tradjang kita boten saged-tilar kalakoan; sampoen ngantos roetjah, para, seneng medjali kanta wonten ngadjenganing oemoem, margi namoeng rebat prakawis sapala, sepélé, kirang perloe.

Samanten wedjanganipoen wreda-welandi dateng ingkang dèrèng sami lantjoer, kita sasampoen ngertos. Sasampoenipoen ngertos, mangga sami toemandang „samestinipoen”; émoet, dados sadaja-sadaja kedah landesan: gilinging manah, éngging tjipta, awasing paningal lan tjantjoeng tangan.

Sampoen, bab poenika kapoeng-gel samanten kémawon. Para maos moegi saged nampi poenapa engeling kadjeng koela. Sampoen ngantos ketlompèn! Lo, sadaja waoe kadjawi mligi saking sedya koela pijambak, oegi ngiras sambet karangan ing S.K. ing podjokan ingkang akepala: „Karakterherstel.”

Mila perloe!

Karakterherstel!

Bab gajoetan S.K. kadjawi koela sambet bab „karakterherstel”, inggih badé sambet karangan ingkang ngrembak „matafto”.

Para maos S.K. manawi taksih kémoetan, ing S.K. sampoen naté katjarjosaken wonten tjang Welandi manggih djampinipoen sasakit radjakaja ingkang nama mond en klauwээр.

Welandi waoe wonten negaripoen pijambak dipoenpaiben, dipoenèsami, boten dipoen-gega bilih djampinipoen njata gadah daja kados tjarijosipoen.

Ngantos wonten ngamantja sadèrèkipoen pijambak taksih sami nge-nge-éng-éngé soepados pijambakipoen sampoen ngantos angsal sukses, sampoen ngantos „padjeng” pa-

manggihipoen.

Adiling lalampahan pamanggih waoe padjeng wonten Sepanjol, lan obatipoen dipoennamani: matafto. Padjengipoen pamanggih waoe sasampoenipoen 8 taon!

Kémoetan kawontenan kados makaten, delalah koela njepeng kalawarti saking Itali.

Ing kalawarti ngrikoe teka inggih wonten kawontenan ingkang mèmper kados makaten: awit kalawarti waoe ngemot advertentie obat manoe receipt-ipoen Vandembroek, kawedalaken déning pabrik chemi-calien ing Itali: Società Nazionale Prodotti chimicie farmaceutici, Milaan.

Dados obat waoe sampoen dados darbèkipoen bangsa Itali, kados déné matafto dados darbèkipoen bangsa Sepanjol, ing mangka ingkang manggih: van den Broeck, nama Walandi!

Poenapa babadipoen obat Vandembroek ingkang namanipoen „thermogène” poenika sami kalijan babadipoen „matafto”? Kilap!

Botena sami, bokmanawi bédanipoen inggih boten katah.

Poenapa perloenipoen koela mawi ndoedah prakawis „matafto” lan nggepok „thermogène”?

Perloenipoen kanggé njetakaken, kanggé soeka toelada, kados poenapa woedjoedipoen, gambaripoen temboeng: *sociaal vermoorden* oetawi medjali nama.

Tjijang Welandi ngakeni, jèn tanahipoen kerep wonten tindak ingkang kagolong: een ander sociaal vermoorden; mila ladjeng mantimanti, soepados para nèm-nèman ingkang sami badé dateng Indonesia sampoen ngantos mawi mbekta sangoe watak ingkang para waoe.

„Vooral het tegenwoordige Indië heeft behoefte aan jongelui, die er komen met opgerichten, fieren blik, met veel idealen, veel moed, veel werklust, veel nederigheid, veel broederszin,” enz. *)

Poenika toegelan sambetan sadaja wedjangan ing nginggil.

Lha, ngèneti papan kita wonten ing djagad panggesangan poenika katah concurrent-ipoen, malah sawèning concurrent wedjanganipoen „moeloek,” mila, kita, ingkang meh klebet *peking* ing samoedajanipoen, dèn ngatos-atos, dèn roekoen, sa-ékapraja, sokoer toeloeng-tioeloeng sarana banda, baowé, pitoetoer, kasagedan, botenipoen sampoen ngantos: elkaar sociaal vermoorden.

Lho, ngèneti djaman rekaos. Ing Raad Kawoela katah para wakil sami manggali rekaosipoen poen Kromo, kita wadajib tanggap.

ANDAJA.

—V A R I A.—

NGANGSOE KAWROEH.

Semarang 25 Aug. 1931.

Ing S. Tm. No. 34 wonten artikel ngewrat bab pandamelipoen sapeon Menggah woedjoeding receipt ingkang dipoenparingaken, saking pamanggih koela taksih gotang. Dados tjijang ingkang badé ngetjakaken taksih mangoe, margi . . . prakawis soda poenika ingkang dipoenker-sakaken soda poenapa? Poenapa sodazout. poenapa kristal soda, koolzuur soda, Coustic soda? Lan menggagahing tetimbanganipoen soda lan toja oetawi gadjih poenika kados-poendi? Lan dangoening pang-godog tjampoeran poenika kintenkinten pinten menit.

Sarèhning koela remen sanget ngetjakaken, pramila panjoewoen koela dateng panjerat bok sampoen tanggel-tanggèl, kersaa paring receipt ingkang radi djangkep. Sapisan soepados njodakaken wragad ingkang kaboeftjal kanggé njobi, kaping kalih soepados katah ingkang tjobi-tjobi. Déné receipt pandjenengan kaopamèkaken receipt oetjal-oetjal poenika kirang tjoeudoek, djer tetedan kénging dipoenitjipi, balik saboen boten. Toemrapipoen saboen namoeng saged soemerep roepining tjampoeran sasampoenipoen kagodog. Jèn tjoeuwèr poenika kirang poenapa, jèn kentel kakatahen poenapa, jèn roepining tjampoeran kados makaten poenika moetawatosi jèn kagrajang ing tangan, lan sanès-sanèsipoen.

Poenapa panjerat sampoen ngjakaken receipt pandjenengan? Jèn sampoen poenapa boten langkoeng prajogi, pandjenengan karsa paring demonstratie. Saking dajaning demonstratie temtoe badé noekoelaken nijat ngedegaken Coöperatie. Koela atoeri manggalihi kémawon dateng oengel-oegelanipoen Welandi: „Woorden wekken en voorbeelden trekken.” Déné bab panoebasipoen potas lan soda boten soesah kénging dateng tanah Europa, tjekap toembas dateng Impor-kantoor kémawon. Djalaran jèn

*) Katjoendoekna kalijan „De Rijkseenheid ktj. 354 — 355, artikelipoen M. A. J. Kelling. And.

betahipoen boten pas katah malah langkoeng awis. Déné jèn namoeng damel saboen kémawon, prajogi toembas dateng kantoor Import ing riki kémawon. Margi kantor ageng-ageng poenika jèn mendet bati boten katah sanget, wonten ingkang namoeng mendet 5⁰/₁₀, 6⁰/₁₀, katah-katahipoen 10⁰/₁₀ = (mawi-mawi woedjoeding barang).

Ing wasana panjoewoen koela moegi panjerat kersaa angleksanani, lan oesoel koela bab demonstratie moegi kagaliha. Sadèrèng lan sasampoenipoen koela sanget sèwoe noewoen.

Taklim koela.
O. D. Kühr.

(Amrih tjantjoetipoen kita ngadjengaken wosing pitakènan ing nginggil poenika dateng panjerat „Rékanipoen damel saboen”, lan inggih sampoen angsal wangsoelan, kados ingkang kapatjak ing ngandap poenika. Jèn wonten pitakènan ingkang boten katoet kaladjengaken, sampoen kirang pamengkoe.— Red.)

Wangsoelan.

Koela bingah sanget déné sdr. Kühr badé ngetjakaken damel saboen, nanging wonten gela koela déné sdr. Kühr gela margi receipt koela gotang. Manawi sdr. Kühr ngertos dateng tegesing temboeng zelfopvoeding (nggoela-wentah badan pijambak) temtoe boten gela, nanging malah seneng. Wontenipoen tjijang misoewoer kadosta: Edison, Ford lsp. poenika margi sareng sampoen ngertos theorienipoen, ladjeng dipoenitjakaken, wados-wadosipoen dipoenpadosi pijambak. Mila damel saboen sapinten tetandinganipoen, sapinten dangoenipoen nggodog, sdr. Kühr koela atoeri madosi pijambak. Njobi mawi wragad satangsoel kémawon, temtoe sampoen tjekap. Bab soda, poenika ingkang saé: caustic soda. Koolzure soda inggih kénging, na-nanging poen koolzuur kedah dipoenitjipi, inggih poenika sarana dipoen-godog dipoenwori kapoer gamping (gebrande kalk), soepados kapoer waoe ladjeng dados koolzure kalk.

Coustic soda poenika manawi sampoen tjampoer kalijan gadjih (lisah) sarta moedjoedaken ze eplijm (kawontenaning saboen ing wiwitan), sampoen boten moetawatosi dateng tangan lsp.

Wonten receipt damel saboen lerak (empeok) kadadosaken atos (wangi) inggih poenika saboen lerak dipoenitjipi, kaworan toja sakedik, ladjeng dipoenitjemplongi sarem. Mangga sdr. Kühr njobi pijambak, jèn atoer koela poenika kagega, koela poeroen tanggel, sdr. Kühr ladjeng saged damel ada-ada pijambak. Poenika boten ngemoeng-aken ngindakaken kasil arta, nanging oegi kasil menggahing karakter (kabatosan).

Woesana mawi réka kados makaten poenika, inggih poenika kanggé zelfopvoeding, koela jèn kober badé nerangaken pandamelipoen gelas, email, mangsi lsp.

SAREM JODIUM.

Mitoeroet ngandikanipoen prijan-toen ingkang kénging pinitados, sad. ingkang wonten koekoeban Merapi ratjakoepoen sami kekirangan JODIUM. (N.B. koekoeban Merapi bawah Moentilan, kilap sanèsipoen). Lan prijantoen waoe mentas mrik-sakaken dateng dokter.

Margi kekirangan jodium gampil sanget ketjandak ing sakit gondok; langkoeng-langkoeng toemrap tjijang èstri, (kok mawilangkoeng-langkoeng toemrap tjijang èstri, panjerat boten nerang) namoeng mbatos; mèmper; nitik tetijang sakiwa-tengen ngrikoe katah sanget tjijang gondoken; lan ingkang sampoen koela soemerepi mila makaten. Panjerat saweg soemerep tjijang satoenggal ingkang sampoen kladjeng gespier djangganipoen ning boten patos ageng; kadjampèk-aken dateng dokteran saged mantoen, djampi boten patos terang, namoeng mangertos bilih ingkang gondoken waoe kabelèk goeloenipoen, wragad telas f 300, (tigang atoes roepijah). Manawi boten klintoe oetawi kesoe-pèn dateng dokter Magelang, (oentoeng besar) sinten poenika? Satoeng-giling prijantoen poetri Salatiga.

Margi rekaos sanget djampèndjampènanipoen; negari paring srana kanggé noelak; rehning ingkang ndjalari sakit waoe margi kekirangan jodium, mila ladjeng badé dipoenwedali sareng jodium, (sarem katjampoer jodium).

Bèndjing poenapa wiwitipoen? dèrèng terang; ingkang sampoen dipoenwedali sareng jodium bawah Wanasaba.

Panjerat ndèrèk ngadjeng-adjeng; margi kerep soemerep tjijang gondoken manawi kleler-kleler goeloe koela sok ladjeng. . . . blai, mengko gèk ketoelaran gondoken ki; la pajah-ané; moegi-moegi badé timboelipoen sareng jodium sageda mbéngkas sasakit poenika; apesipoen njodakna.

J. KOES.

Kedoeng ébah-ébahan ing Indonesia sampoen sawatawis wekdal ketingal boetek. Penoentoen rakjat sami adjeng-adjengan.

Djawi Wétan: Sampoen lami golongan *Djenggala* aben pèn kalijan golongan *Swara-Oemoem*;

Djawi Tengah: Dr. Soekiman c.s. oedreg²an kalijan Dr. Soetama c.s.;

Djawi Kilen: barisan *Partij Indonesia* tjampoeh kalijan tw. *Soedjadi*, tw. *Moh. Hatta* lan sabalanipoen.

Dados satanah Djawi saking Wétan mangilèn, saking Kilen mangétan kambah oelek, oeleng-oelengan.

Poenapa poenika njanteraken adjenging ébah-ébahan?

Kodjoeripoen, rebat leres, rebat menang, rebat oenggoel waoe kelampahipoen kok boten wonten ing wingking ndelik toetoep pintoe, nanging wonten ngadjengan ngéla kasoemerepan ing saben tjijang; prasasat wonten sangadjenging rakjat.

Nanging makaten poenika poenapa malah pantji dipoensengadja? Soepados ?

Gawat sanget ngisèni tjetjek-tjetjek poenika.

Jèn koela makaten, tamtoe boten badé ngisèni: soepados manawi oeng-goel, *saja soemoroet koentjaranipoen*; djer pamrih kados makaten poenika soelaja kalijan dradjad penoentoen rakjat.

Penoentoen rakjat poenika ingkang dipoenpadosi rak namoeng begdjaning rakjat, rahadjenging rakjat, mandirènging rakjat ingkang katoentoen; dados dédé awakipoen pijambak, dédé indaking dradjad dédé soemelèting koentjaranipoen pijambak, ingkang dados idam-idamanipoen.

Ananging poenika poenapa tansah dipoenemoeti? Kilap!

Bokmanawi tjetjek-tjetjek waoe kénging koela isèni: soepados *rakjat pijambak soeka poetoesan*.

Poenika boten nglengkara! Amargi: para penoentoen waoe rak tresna sanget dateng rakjat; tresnanipoen prasasat tanpa wangenan, inggih poenapa boten? Wonten ing poendi-poendi kepéngin nganti rakjat. Rakjat kedah njomeerepi ing samoekawis; rakjat kedah toemoet ngrembag ing samoekawis; rakjat kedah moetoesi samoekawis.

Poenapa inggih makaten?

Jèn leres pambedèk koela poenika, owelipoen tjara kados makaten poenika ndrawasi sanget: kalih²ipoen, penoentoen lan rakjat, gampil sanget ketjemplongipoen ing djoerang!

Djer rakjat neda toentoenan; nanging ingkang noentoen kok inggih neda toentoenaning rakjat. Poenika rak moebeng-minger! Begdja jèn boten keblinger!

Koela boten pisan-pisan ngemohi „democratie”. Nanging sadaja-sadaja poenika mawa wates!

Poking rembag: badéja kados poenapa-kados poenapa, mangga para pangandjoer, ingkang sami dedreg adjeng-adjengan, mbok inggih énggal sami tabikan, lan ladjeng njamboet damel sasarengan kanggé njanteraken lampahing ébah-ébahan!

Soedjadi-Sasraningrat, kita sampoen tapi soemangan artikel pandjenengan. Noewoen. Sarèhning prakawis poenika sampoen karemabag kanti tjekap wonten ing Sw. Tm. No. 32 ingkang kapengker poenika, kilana kita boten migoenakaken paring soemangan kaseboet. Nanging sampoen kapok paring soemangan!

Euphrasia Harwan lan I. J. S. artikel sampoen katampi, nanging ingkang wadib sampoen nandang. Sampoen kirang pangaponten! — P. Ragil, „Leres poendi” poenika dipoen sarèhaken kémawon roemijin! — A. M. Tjoebloek, „Njoewoen woelang” poenika prajoginipoen kaesoelna dateng salah satoenggiling Pangreh K. W. oetawi Debating-Club. Makaten poenika langkoeng tjantjoet! — B. S. „Is het waar?” boten badé medali, margi kekasepen sanget. Sampoen dados panggalih!

K. W. Solo, Stortingstaat sampoen katampi. Noewoen. Embèn-embèn ngrikoe Adm. badé ngntoenaken wangsoel — R. M. Wahjasoedibja, *Mt. N. I. S.*, rekening kanggé advertente-Hospitaal van Moentilan sampoen dipoensahi déning E. Moeder Didima.

Adm.

OERAP-SARI.

INDONESIA.

Rama kalih ngadjawi.

Saweg Kemis 27 Agoestoos, Rama Weve kalijan Awick ingkang roemijin nalika taksih dados Frater wonten ing Moentilan, rawoeh wonten ing Betawi sampoen djoemeneng Imam. Rama Awick dipoenbenoem wonten ing Betawi dados Kapelaan, déné Rama Weve kabenoem ing Ngajodja dados Leeraar ing Seminari, rawoehipoen saweg Setoe 29 Agoestoos.

Adjenging njèlengi arta.

Nitik katahing arta ingkang wonten postspaarbank, katawis bilih tjijang-tjijang madjeng anggènipoen njèlengi, awit nalika Djoeni 1929 arta tjèlengan f 22.330.000, Djoeni

Sampoen ngantos katelasan wekdal namoeng kanggé oedreg-oedregan kémawon; oebenging soerja lan boewana boten kénging katjandet!

Kedoeng ébah-ébahan sampoen boetek kados makaten, dilalahipoen „Anéta” kok inggih toemoet ngoebal-oebal.

Tilgram *Anéta* saking den Haag, 26 Augustus, noelaraken pamanggihipoen Dr. Abdul Rivai, ingkang kapatjak wonten ing s. k. „*Het Vaderland*” (jèn boten klèntoe, telepoenipoen golongan liberaal). Soeraosipoen mawi basa Djawi kirang langkoeng makaten:

Ing riki boten wonten Nationalisme Indonesia; ingkang wonten namoeng Nationalisme Djawi, Dr. A. Rivai soeka rembag dateng Moh. Hatta, soepados sampoen njoba dados pemimpin politik wonten ing tanah Djawi, djalaran margi kalairan saking Soematra oetoeipoen angsal damel namoeng sakedik. Prajoginipoen ngedegna pakempalan dagang kémawon wonten ing Soematra, sabab tjijang Soematra boten mardoeli dateng politik.

Dr. Rivai namtokaken, jèn parté énggal ingkang dipoendegaken déning Tw. Soedjadi boten badé saged gesang, lair pedjah.

Para maos, poenapa pandjenengan sak-kal boten kedjot sareng maos oengel-oengelan ing nginggil poenika? Anggènipoen boten badé kedjot kémawon kados-poendi? Isi kok njleki! Mangka ingkang gadah pamanggih waoe kok satoenggiling Indonesiaer pijambak toer namanipoen kok inggih sampoen katingal wonten kalangan politik!

Poenapa nggoemoenaken jèn badé andajani wonten ing kalangan ébah-ébahan?

Para djoernalis Indonesia inggih ngertos dateng babaja poenika; amila ladjeng tjantjoet toemandang soeka wawasan kanggé nolak babaja waoe. Nanging ingkang katah-katah boten wani andorakaken prakawis satoenggal, i. p. bab *wontenipoen Nationalisme Djawi*. — Awas, koela boten moengel: wontenipoen *Nationalisme Djawi* tok!

Dados ing semoe wonten njatanipoen.

Nationalisme Djawi, ingkang namoeng ngekahi lan ngrebat hak-hakipoen klajan moerwat, poenika boten wonten awonipoen: andoewa dateng aksi, ingkang badé nggrisak oetawi ngitjiali basa Djawi, lan ngoedi adjenging kasoesastran Djawi, poenika sampoen saleresipoen kémawon. Nanging Nationalisme Djawi kados ingkang dipoenkadjengaken ing Dr. Rivai rak ingkang roepok, namanipoen sanès: Provincialisme Djawi.

Lan Provincialisme Djawi poenika, sanadjana koela pijambak tjijang Djawi moepakat sanget, jèn kapaprasan, ngantos poentes!

Wonten ingkang kapéngin nglebetaken pamanggihipoen Dr. Rivai dateng museum, margi sampoen verouderd, wajoe. Koela boten badé ngalang-alang!

Namoeng kémawon, jèn tilgram *Aneta* waoe, sanadjan datengipoen kirang kasoewoen, margi saweg mangsa ribet roewed, oepami taksih saged ngrentjangi dateng *zelf-correctie*, ngleresaken antjas-antjas béngkong, tjipta-tjipta mblasar, sampoen koela anggep migoenani katah.

CORRESPONDENTIE.

OERAP-SARI.

1930 wonten f 23.450.000, sareng Djoeni 1931 wonten f 25.194.000. Tjèlenganipoen laré sakolah ing taon 1931 poenika wonten f 11.600. Sanadjan boten katah, nanging poenika saé, awit moerid *sinaoe* njèlengi. Tjajahing sakolahan satanah Djawi lan sadjawaning tanah Djawi wonten 20.000. Iba saénipoen manawi sadaja moerid sami adjar njèlengi. Samangké toemindak mawi zegel tjèlengan (spaarzegel). Sinten ingkang poeroen njèlengi, ngalamat soegih; sinten ingkang poeroen njamboet (oetang) ngalamat badé mlarat.

Berkahan Grédja ing Bara.

Rikala Senén 31 Agoestoos poenika Grédja ing Bara dipoenberkahi déning Rama Vice-Superior, djalaran Kangjeng Biskop kapambungan boten saged rawoeh. Wiwiting berkahan poekoel 9 éndjing. Sadèrèngipoen poenika, ing saobenging Grédja kebak tjijang

*) Tekst-ipoen Welandi (niet) „zooals in t Vaderland, waar men elkaar om een werkkring soms sociaal vermoordt.” A.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A (tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kènging kaanggé. Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo. sa - blèg 9.— 4,75 2,50 1,10 0,60

Pabrik tjèt R. B. FRIELING HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN - DJOKJA.

RECEIPT APOTHEKEN Rathkamp & Co MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO MENANG MADIOEN, SOLO en DJOCJA. Selamanja sedia: DRILL POETIH, DRILL KLEUR, KAMHAR, LAKEN, TRICO, TJITA - TJITA, TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN, RENDA - RENDA, MINJAK WANGI, DASI, KRAAG, KOUSEN, dan laen - laennja. SEMOEBA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & CO. TELEF. No. 374. PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA. Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persènan. Saben kantongang boeboek saking Djoen wonten COUPON MAWI REGI.

AGENT BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA. Speda - speda merk: SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A.

sarta laré² sekolah sami njepengi gendéra alit. Djam 9 Rama Vice - Superior Van Baal kalijan Diaken Rama Rector ing Ngajodja toewin Subdiaken Rama Dieben Pastoer ing Mendoet mijos saking sakristi. Ing ngadjeng wonten siswa seminari ingkang mbekta kiting, lili, sarta toja soetiji.

poenika: Rama J. W. M. Wubbe S. J. voorzitter: toewan Mr. H. G. J. Morshuis. G. Pastor, dr. H. Levelt; Th. G. Leeuwen, secretaris-penningmeester; P. J. Vos, njonjah C. Luyckx - Slijffer, toewan Monot de Froideville, I. Kasimo, P. L. G. Mazel, W. Burer, C. B. Pley, I. E. van Vianen.

nawi wonten sadèrèk - sadèrèk ingkang sami pindah grija, lah mbok toemoenten paring chabar, soekoer mawi verhuiskaart regi 2 sèn, rak sampoen tjekep. Perloenipoen manawi Rama toewi dateng grijanipoen sadèrèk - sadèrèk boten ladjeng ketjelijk sampoen soewoeng oetawi tjelik sanès ingkang ngenggèni.

ATOER PRIKSA: Wiwit woelan October 1931 koela sampoen boten njepeng convict (pondokan). Sadaja serat-serat toewin postwissel ingkang gagajotetan kalijan convict, koela atoeri ngntoentaken dateng para prijantoen ingkang sami ngasta: Convict I Radèn Adisoemarta Mantrigoeroe Leerschool I, C. II Rm. Poerbadiabrata, C. III Rm. F. W. Soerjamoersandi, C. IV M. D. J. Dirdjowidharso, C. V Eerwaarde Broeder Ferdinand, Hoofd 1ste H. I. S.

Sampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah. Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken sarta dipoentoentoen. Wragad mondok lan neda: f 15.— HARDJADININGRAT GOENOENG - KETOER - PAKOEALAMAN - NGAJOGJAKARTA.

FIRMA MERDEKA WÉTAN STATION NGABÉAN - DJOKJAKARTA. Soedah sedia bekakas roemah: tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi, semoea bikinan dari Indonesia betoel, barang baik harga pantes, dan bisa beli dengan huurkoop.

Katoelik Djawi Soerabaja kadawahnan wahjoel! Sadèrèk - sadèrèk kita Katoelik Djawi ing Soerabaja sampoen lami nandang papa tjintraka menggah ing soekmanipoen, wiwit katilar késah Rama van Megen dateng Blitar, perloe angegesang Missie Djawi ing rika, mila ladjeng tjara laré makaten sasakiten kémawon.

NEDERLAND. Golongan Katoelik kètjalan pantoentoen ageng. Tanggal 28 woelan Agoestoet, taon 1931 Mgr. Nolens saèstoet sampoen tinimbalan wonten ing pangajotetan. Margi poenika golongan Katoelik kètjalan pantoentoen ageng.